# Laab mooy genn wàllu ngëm, sant Yàlla day feesal nattukaayu jëf ya, sàbbaal Yàlla ak sant Yàlla dañuy feesal walla day feesal li nekk ci diggante asamaan ak suuf

Jële nañu ci Abuu Maalik Al-Haaris ibn Haasim Al-Asharii yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "Laab mooy genn wàllu ngëm, sant Yàlla day feesal nattukaayu jëf ya, sàbbaal Yàlla ak sant Yàlla dañuy feesal walla day feesal li nekk ci diggante asamaan ak suuf, julli ag leer la, saraxe it aw lay la, muñ it ag leer la, Alxuraan it aw lay la ñeel la yaw, walla muy aw lay ci sa kaw, nit ñépp dañuy xëy am ci ñuy jaay séen bopp, benn mu goreel ko, walla mu alag ko".
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne: laabug bitti dana ame ci njàpp ak ci sangu, te sart la ci julli. Wax: «Alhamdu lil-Laah» day feesal màndaxekaay ba, te mooy tagg Yàlla mu sell mi, melal ko ci bépp melow mat, dees koy màndaxe ëllëg bis-pénc mu feesal màndaxekaay yu jëf ya. Wax: «Subhaanal Laah Wal hamdu lil Laah» te mooy sellal Yàlla ci gépp wàññeeku ak melal ko ci wépp melow mat bi nga xam ne dafa yell ca màggam ga, ak bëgg ko ak màggal ko loolu day feesal diggante asamaan ak suuf. Ak ne «julli leer la» ñeel jaam bi ci xolam, ak ci kanamam, ak ci bàmmeelam, ak bisub dajaloo ba. Ak ne: "sarax aw lay la" tegtal la ci dëggug gëmug aji-gëm ji, ak wuuteem ak naaféq bi nga xam ne day bañ a saraxe ndax gëmul la ñu ko ca dig. Ak ne "saraxe leer la" -te mooy téye sa bopp ci ñaxtu ak mer- leer la guy ànd ak tàngoor akug lakk, niki leerug jànt bi; ndaxte dafa jafe te day aajowoo xeex ak bakkan ak tere ko ay bànneexam; boroomam du deñ di am leer di jubb tey wéy ci yoon. Te mooy muñ ci topp Yàlla, ak ci bàyyi moy yi, ak muñ musiba yi ak xeeti naqari àdduna yi. Ak ne : Alxuraan day nekk saw lay " ci jàng ko ak di ko jëfe, walla "mu nekk aw lay ci sa kaw" ci boo ko bàyyee doo ko jëfe te doo ko jàng. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- xamle ne nit ñépp dañuy dox di tasaaroo juge ci séen i nelaw di génn séeni kër ngir séen i liggéey yu wuute. Am na ci ñoom ñuy jubal tege ci topp Yàlla muy goreel boppam ci sawara, waaye am na ci ñoom ñuy jàdd yoon di tàbbi ci moy yi daal di alag boppam dugal ko sawara.